

Lide pou konstwi #AyitiNouVleA

Yon seri desizyon pou n reyalize ansanm rèv ayisyen an

ANVA, 14 fevriye 2019

Kontni

Yon kriz ki la depi kèk tan	2
Viv nan diyite : Prezantasyon jeneral vizyon ki nan Gid #LideAnvanLidè a (11 novanm 2018)	3
Vizyon global	5
Metodoloji	5
Endikatè pèfòmans	6
Bousòl ANVA	8
Matris pou reyalizyon	10
Bidjè	11
Pwojè ANVA: \$50 000	11
Bousòl ANVA: \$50 000	11
ANVA Medya: \$400 000	11
Tenktenk (Think Tank) ANVA: \$150 000	12

Yon kriz ki la depi kèk tan

Pandan peyi a lòk la, se nòmral pou nou tout ap chèche solisyon prese prese pou n sòti nan sitiwayasyon nou ye a. Sèlman se toujou nan chèche solisyon prese prese ki fè malgre nou ranvèse diktati, nou pa janm rive retire pratik li nan mitan nou. Jan chante a te di l, “dechoukay la poko fini, andedan CNG a chaje makout”. Apre CNG, nou kontinye, menmman parèyman, ak menm moun yo, ak menm abitud yo tankou abitud foure men pran nan kès Leta san pa janm gen ankenn konsekans. Pandan tranntwa lane, nou pran lari, rele ABA dèyè 17 prezidan, 22 premye minis, san nou pa janm genyen ankenn rezilta.

Ak #PetroCaribeChallenge lan nou mande pwosè, nou mande redisyondkont, men sa nou ap mande toutbon se fini ak enpinite ki nan peyi a pou nou ka konstwi yon Ayiti kote Ayisyen.èn santi yo lakay yo; yon Ayiti tout Ayisyen.èn santi ki pou yo, **#AyitiNouVleA**.

Yon kriz se yon okazyon pou pran desizyon epi reflechi sou bon jan chanjman nou ka pote nan tout nivo nan sistèm nan. Desizyon sou sa pou nou kenbe. Desizyon sou sa pou nou jete. Desizyon sou sa ki **INAKSEPTAB**. Desizyon sou sa ki **ENDISPANSAB** ak desizyon sou sa ki **IJAN**.

Li inakseptab pou enpinite, medyokrite, koripsyon, ensekirite, diskriminasyon, lamizè sou tout fòm ap domine nan peyi a. Li endispansab pou lajistis tabli nan peyi a: jistis sosyal, bon gouvènans, enfrastrikti de baz, etadedwa. Li ijan pou nou kenbe mobilizasyon kont **enpinite**, **inegalite sosyal** ak **koripsyon** Leta ilejitim enpoze nou depi twò lontan.

Ki vle di, sa nou bezwen se yon nouvo sistèm politik kote chak grenn nan nou gen mo pa li pou lil di. Yon sistèm politik kote moun ki reprezante nou yo gen pou aplike yon plan nou defini ba yo, moso pa moso, ansanm. Yon sistèm politik kote chak sitwayen.èn ki vle ka patisipe nan defini politik peyi li, gras ak konsiltasyon anvan desizyon yo, ankèt pou evalye yon sitiwayasyon, done jeyoreferanse pou ede nan fè dyagnostik ak jwenn solisyon, nan monte bidjè patisipatif pou tabli priyorite nou kòm pèp.

#AyitiNouVleA a ap posib ak sistèm politik sa a kote kontra nou gen ak Leta se nou ki decide l. Sistèm sa mache ak yon lis desizyon nou dwe pran kòm pèp epi kanpe dèyè desizyon sa yo, san brennen, kèlkeswa gwoup moun ki ta sou pouvwa.

Gen de twa bagay ki ta merite fèt touswit pou kalme sitiwayasyon nou ladann jodi a:

- **Elimine tout depans Leta ki pa bonjan nesèsè epi kwape mank transparans nan fason lajan leta ap depanse.**
- **Reprann kontwòl zòn bandi ap kontwole depi kèk lane yo.**
- **Aji sou mache yo pou bese pri pwodui premye nesèsite yo.**
- **Lanse pwosè Petrocaribe a epi mete byen tout moun ki enplike sou sele.**

Men, kote bagay sa yo ap bay yon kalmi, se pa yo k ap geri maleng lan. Travay ki dwe fèt pou nou viv nan diyite a pi pwofon. Dokiman sa se pou envite nou fè sa ansanm.

Viv nan diyite : Prezantasyon jeneral vizyon ki nan Gid #LideAnvanLidè a (11 novanm 2018)

<i>Aks entèvansyon</i>	<i>Desizyon nou ta dwe pran</i>
Premye aks: Envesti nan moun	
I- Edikasyon bon kalite pou tout moun	Yon nouvo sistèm lekòl ki 1) garanti kalite epi itilize metòd ak pwogram modèn ki sèvi ak lang kreyòl la kòm zouti prensipal. 2) asire anseyan yo metrize sijè ak metòd yo, valorize travay pwofesè yo 3) bay tout moun aksè pou lekòl oswa fòmasyon kèlkeswa laj oubyen zòn kote yo ye
II- Manje lokal nan yon mache pwoteje	Pèmèt chak Ayisyen manje chak jou, gras a 4) pwoteksyon epi devlopman mache manje lokal la; 5) ogmantasyon pwodiktivite agrikòl peyi a; 6) valorizasyon ak entansifikasyon dirab pwodiksyon agrikòl pou fanmi yo ak aksyon kolektif peyizan.
III- Lasante inivèsèl garanti	Yon nouvo sistèm sante kote 7) yon kouvèti sante inivèsèl egziste; 8) pwofesyonèl lasante kalifye ap disponib; 9) otorite Leta siveye tout kesyon sante espesyalman pwogram donatè yo.
Dezyèm aks : Envesti nan kijan moun ap viv	
IV- Ekonomi ki kreye richès pou tout moun	Mete an plas yon sistèm ekonomik ki 10) devlope ak divèsifye pwodiksyon nasyonal la pandan mache lakay la ap ranfòse; 11) favorize envestisman pwodiktif, transfè teknoloji, anplwa, kredi ak redistribisyon richès nan kad yon ekonomi sosyal solidè;

	12) redui depandans ak asistans ekstèn kit sou fòm èd entènasyonal, ONG oubyen lajan dyaspora;
V- Lakilti nan tout desizyon n ap pran	Yon nouvo apwòch lakilti ki pèmèt 13) tabli idantite nou ak yon vizyon byen komen 14) ankadre epi valorize yon veritab ekonomi kreyatif. 15) rekonèt lakilti kòm yon fòs nan devlopman peyi nou.
VI- Travay ak yon bon sistèm pwoteksyon sosyal	Yon ekosistèm anplwa/travay kote 16) kapasite prime sou moun pa 17) jèn yo entegre 18) dwa travayè, gason kou fanm, respekte
Twazyèm aks : Envesti nan kote moun ap viv	
VII- Anviwòmnan ki pèmèt tout moun viv nan yon milye ki pa menase sante moun	Yon pwogram enfrastrikti ki 19) pwoteje, konsève epi restore ekosistèm ak resous natirèl peyi a 20) modènize epi fasilite aksè pou sèvis de baz yo 21) pran aksyon ijan pou kontre konsekans chanjman klimatik ak dezast sou Ayiti
VIII- Enèji dirab, modèn nan yon pri abòdab	Chanjman enstitisyonèl pou 22) fasilite tout moun gen aksè ak enèji 23) kreye kondisyon pou favorize investisman prive 24) ogmante efikasite ak dirabilite anviwòmnan nan itilizasyon enèji
IX- Sekirite ki santre sou moun	Chanjman konstitisyonèl pou 25) Pouvwa jidisyè a endepandan toutbon pou li lite kont enpinite 26) Lapolis gen tout libète nesèsè pou l konbat epi prevni krim 27) Leta retounen anba kontwòl sitwayen.èn ki gen aksè ak enfòmasyon pou kontwole kijan Leta ap itilize resous peyi a

Vizyon global

#AyitiNouVleA a, se yon Ayiti kote tout moun ka viv nan diyite, kote se sitwayen ak sitwayèn yo ki bay pouvwa. Yon peyi kote tout moun jwenn lekòl, travay, manje, ak lasante. Yon peyi kote chak grenn Ayisyen, chak grenn Ayisyèn gen menm chans pou l reyalize rèv li. Yon peyi kote chèf respekte lalwa, enpinite kaba, tout viktim gen rekou, koripsyon pa gen plas li.

Nan **#AyitiNouVleA**, chak sitwayen, chak sitwayèn konnen se responsabilite li pou li fè Leta pran bon mezi pou pèmèt chak moun viv tankou moun nan lonè ak respè, san yo pa bezwen kolòn, san yo pa oblije konpwomèt tèt yo.

Nan **#AyitiNouVleA**, dwa tout moun respekte, kèlkelanswa laj yo, sèks yo, koulè po yo, relijyon yo, oryantasyon seksyèl yo, andikap yo, nivo etid yo oubyen nivo richès yo. Nan **#AyitiNouVleA**, pa gen Repiblik Pòtoprens, pa gen andeyò, chak depatman, chak komin, chak zòn genyen sèvis de baz ki nesèsè epi ki aksesib pou moun k ap viv ladann, konsa yo pa oblije deplase al chèche lavi lòt kote.

Nan **#AyitiNouVleA**, lasyans gen premye plas nan desizyon yo, konpetans prime sou zanmitay, lojik sou emosyon.

Nan **#AyitiNouVleA**, enstitisyon nou yo fò epi yo enklizif, pouvwa yo endepandan, moun yo angaje.

#AyitiNouVleA, se ansanm n ap konstwi l. Kit sa k ap viv nan seksyon kominal kit sa k ap viv lavil. Ni moun k ap viv Ayiti ni sa yo k ap viv lòtbò. Tout pitit peyi a ap ka fè tande vwa l. Tout pitit peyi a ap mete ansanm pou mennen Ayiti kote li dwe rive a.

Metodoloji

Vizyon **#AyitiNouVleA** tabli apati 12 533 tweet - sa ki fè antou 388 575 mo epi 821 paj - soti 14 jiyè 2018 rive 20 oktòb 2018. Pwogram **#AyitiNouVleA** dwe tabli menm jan an, gras ak konsiltasyon sou Entènèt epi rankont fizik moun nan chapit asosyasyon an, konsiltasyon nan gwoupman, asosyasyon, ak lòt enstitisyon sosyete sivil la nan tout peyi a.

Metodoloji sa baze sou konviksyon nou genyen, nan Ayiti Nou Vle A, solisyon pou rezoud yon pwoblèm dwe soti nan 2 tip ekspètiz (konesans):

1. Ekspètiz moun k ap viv sityasyon an (Popilasyon an)
2. Ekspètiz moun ki etidye sityasyon an (9 Gwoup Tematik ANVA yo)

Se konbinezon de (2) ekspètiz sa yo ki pou fikse pwojè **#AyitiNouVleA**. Yon pwojè ki ap sòti nan repons 3 kesyon fondamantal sou chak domèn entèvansyon ak chak preyokipasyon: aksè, obstak, solisyon.

Endikatè pèfòmans

#AyitiNouVleA chita sou twa (3) prensip fondamantal: **Respè, Angajman, Solidarite (RAS)**.

Se pou sa nan Ayiti Nou Vle A, nou kenbe twa (3) tip endikatè :

- Alèt ki pou di nou si yon sitiyasyon nòmral,
- Ekilib pou avèti nou sou deriv ki ka genyen,
- Antisipasyon pou ede nou idantifye gwo tandans ki ka chanje yon sitiyasyon.

Wòl endikatè sa yo se pèmèt nou wè rapid rapid ki kote nou plis bezwen manyen, nan ki zòn, sou ki fòm. Respè youn pou lòt, angajman nan konstwi yon vizyon ki menm pou nou tout, solidarite pou bay sa ki pi fèb yo jarèt epi mete talan nou ak konpetans nou ansanm pou pwopoze yon lòt modèl sosyete. Prensip sa yo koresponn a twa (3) preyokipasyon : feblès enstitisyon yo, pwoblèm jistis sosyal ak kesyon finansman devlopman Ayiti a.

Chak endikatè dwe pèmèt reponn kesyon ki poze pou chak desizyon, pa rapò ak preyokipasyon global yo pandan konsiltasyon yo. Se gras ak konsiltasyon nivo alèt, ekilib, ak antisipasyon yo ap rive tabli, an fonksyon reyalyte ak preyokipasyon chak zòn.

Travay final la ap sanble ak tablo sa. Se li menm ki pral sèvi pou kreye baz done Bousòl la (gade seksyon ki vin apre a).

No	DESIZYON	Endikatè pèfòmans				
		Aksè	ENSTITISYON	JISTIS SOSYAL	FINANSMAN	
1		Aksè	Alèt			
			Ekilib			
			Ant.			
		Obstak	Alèt			
			Ekilib			
			Ant.			
		Solisyon	Alèt			
			Ekilib			
			Ant.			
2						
3						
4						
5						
6						
7						
8						
9						
10						
11						
12						

13						
14						
15						
16						
17						
18						
19						
20						
21						
22						
23						
24						
25						
26						
27						

Bousòl ANVA

Bousòl ANVA se yon DSS (sistèm enfòmatis pou ede pran desizyon) miltikritè pou tabli politik piblik gras ak patisipasyon dirèk sitwayen yo (*crowdsourcing*). Li baze sou Gid #LideAnvanLidè a ki genyen:

- 3 preyokipasyon
- 3 tip endikatè
- 3 aks
 - 9 tematik (3 pa aks)
 - 27 desizyon (3 pou piti pa tematik)
 - 81+ kesyon (3 pa objektif)
 - 729+ kritè (81+ kesyon x 3 preyokipasyon x 3 endikatè)

Pou plis klate, yon chema (Mindmap) Bousòl la :

https://atlas.mindmup.com/2019/01/9bfbb35021b211e9a984f7eb6d3762a4/bous_l_anva/index.html

Se poutèt sa, Bousòl sa dwe:

- Yon sistèm solid ki pou trete enfòmasyon k ap soti nan 12 milyon itilizatè, sou plis pase 729 kritè.
- Yon sistèm evolutif ak plizyè kouch (*layer*) kote baz done, aplikasyon ak entèfas kliyan rete separe pou fasilite mizajou li pandan 30 lane pou piti pwojè #AyitiNouVleA a va dire.
- Yon sistèm ki pòtab, èkonomik, vivan (reyaktif), mobil, grafik ... pou fasilite entèraksyon itilizatè yo, san yo pa dekouraje rapid.

Yon ekip enfòmatisyen ak pwogramè ap travay sou baz Bousòl la, espesyalis nan estatistik, politik piblik ak nan 9 domèn ki site pi wo yo ap rejwenn yo pita. Nan bousòl sa gen yon valè endikatè ki pèmèt dirijan kou sitwayen evalye sityasyon an ak sa ki merite fèt epi pèmèt yo gentan aji. Endikatè sa yo bay enfòmasyon sou :

- investisman nan moun : edikasyon, manje, lasante
- investisman nan jan moun ap viv : ekonomi, lakilti, travay
- investisman nan kote moun ap viv : anviwònman, enèji, sekirite

Konsa, chak sitwayen, kèlkelanswa sikonstans li, ka patisipe nan pwopoze gran liy politik piblik pou peyi a. Se pou sa pati pa itilizatè (*layer client*) lan dwe fasil pou itilize avèk imaj, opsyon chwa miltip ki klè, anrejistreman otomatik metadone (tankou lokalizasyon) ... pou ankouraje *crowdsourcing* lan.

Menm jan tou, li dwe pèmèt yon politisyen aliye l pi fasilman sou pwogram #AyitiNouVleA sitwayen.èn yo konstwi ansanm gras ak DSS la. Li ofri yo solisyon pou pwoblèm yo nan nivo lokal, nasyonal, ak entènasyonal. Sa fasilite reprezantasyon reyèl sitwayen yo nan Leta a.

Premye vèsyon an ta dwe sòti an vèsyon bèta, an jiyè, menm lè ak pwogram final #AyitiNouVleA.

Matris pou reyalizyon

Pwojè #AyitiNouVleA tabli sou 30 lane, soti 2020 rive 2050. Pou lansman efektif li nan lane 2020 an, nou ap tann 4 livrab prensipal:


- Dokiman ANVA: yon plan global pou Ayiti
- Bousòl ANVA: yon DSS Miltikritè
- ANVA Medya: yon gwoup laprès
- Think Tank ANVA: yon laboratwa lide pou akonpaye egzekisyon plan an, ki gen ladann yon Obsèvatwa sou Lajan Leta pou fè suivi Bidjè nasyonal la.

Aksyon	2019	2020	2029	2050
Elaborasyon				
Konsiltasyon global sou pwojè #AyitiNouVleA	Fev-Av			
Devlopman Bousòl ANVA	Jan			
Ekriti Pwojè #AyitiNouVleA	Me-Jen			
Prezantasyon Pwojè #AyitiNouVleA	Jen			
Vèsyon bèta Bousòl ANVA	Jen			
Ajannda				
Mobilizasyon nasyonal	Jiyè+	Jan +	Jan +	Jan +
ANVA Medya	Jiyè +	+	+	+
Piblikasyon nòt ANVA pou chak politisyen	Jiyè+	+	+	+
Pledwari/Lobiying	Okt+	+	+	+
Laboratwa lide (Think Tank) ANVA		Jan +	+	+
Egzekisyon				
Vèsyon 1.0 (ak lòt vèsyon) Bousòl ANVA		Jan +	+	+
Pwopozisyon yon nouvo konstitisyon		Jan +		
Evalyasyon reyalizasyon yo		Des	+	+

Bidjè

Estimasyon pou premye ane a: 650 000 dola US. Nou envite moun ki kwè nan pwogram nan finanse l dirèkteman (*crowd funding*).

Bidjè ANVA



Pwojè ANVA: \$50 000

Konsiltasyon an liy: 5 000
Konsiltasyon fizik: 35 000
Ekspè/Konsiltan: 10 000

Bousòl ANVA: \$50 000

Devlopman: 30 000
Enplemantasyon: 20 000

ANVA Medya: \$400 000

Fonksyonman: 25 000 pa mwa: 300 000
Ekipman: 60 000
Dekò: 40 000

Laboratwa (Think Tank) ANVA: \$150 000

Staf: 60 000

Rechèch: 70 000

Obsèvatwa sou Lajan Leta: 20 000